

# SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

## KOUKOUY: FLANM KI KLERE TOUT FÈNWA AK HENRI-ROBERT DURANDISSE

Mwen sòti nan vant lannwit. Mwen se yon ti flann ki ap briye nan fènwa. Kò mwen, tou piti, pote yon limyè dous ki klere, gide vwayajè nan nwit la. Mwen se yon mesaj, yon pon ant lajounen ak lannwit. Limyè mwen vle retire tout moun nan fènwa.

Pou mwen, espri kominotè ak solidarite se priorite lavi mwen. Mwen pa janm poukontmwen. Mwen toujou konekte ak lòt kaptivan tankou mwen. Ansanm, nou vle kreye yon simfoni limyè nan espas kote nou ye. Nou vle bati yon spektak ki pote enspirasyon.

Dètèminasyon mwen pa gen parèy. Nwit apre nwit, mwen sòti nan kachèt mwen epi mwen klere. Anyen pa ka kontrarye mwen. Lapli, van, fredri, lanèj pa ka soufle limyè mwen. Mwen se yon fòs lanati, yon senbòl pèsevèrans ak lespwa. Mwen se yon lidè. Mwen gide lòt frè mwen ak sè mwen yo. Mwen enspire yo pou yo apwann klere ak pwòp limyè yo. Mwen montre wout la, mwen ankouraje kolaborasyon ak solidarite nan mitan nou. Nan sans sa a, mwen vle toujou pèsevere menm nan tan difisil.

Mwen se Koukouy. Lavi mwen se pote limyè. Depi jodi jouska demen, nou ap pote limyè. Limyè mwen pran rasin anedan pou li ka bay deyò enèji. Mwen se senbòl lespwa lavi alemye. Ak pèsevèrans Sosyete Koukouy, nou vle viv nan lonbay koukouy, chase fènwa pou konstwi yon sosyete ayisyen ki klere epi eklere.

## MANNO EJÈN : POUZYÈ LEKZISTANS OTÈ HENRI-ROBERT DURANDISSE POWÈT / EKRIVEN

### Entwodiksyon

Powèm "Yon ti grenn pousyè" Manno Ejèn nan pwopoze yon meditasyon pwofon sou kondisyon moun atravè yon metafò senp men ki plen sans : pousyè. Powèm sa a abòde tematik imilite, idantite endividyèl, sosyete ak pouvwa politik, pandan l ap eksplòre anmenmtan aspè filozofik, ekzistansyèl ak metafizik ekzistans moun. Manno Ejèn itilize imaj ki kaptive ak yon langaj pwetik chaje ak sans pou li envite nou ekzaminen monn nan epi reflechi sou kesyon fondamantal lavi a. Nou pral dekouvri divès aspè zèv sa a epi apwofondi refleksyon li sou lavi moun avèk linivè.

### Rankont mwen ak Manno

Mwen rankontre Manno Ejèn depi lè m te jenn tibray. Ayisyen yo te konn reyini nan katye Monreyal yo pou chèche yon sans bay lavi yo atravè literati, mizik, penti, ak yon zanmitay solid. Lavi atistik la ak ideyal politik yo te melanje, pou anrichi imajinè ayisyen an. Anbyans solidarite ak fraterinite sa a rete yon referans ki chè pou mwen. Se yon bèl paj listwa nou dwe konsève nan memwa kominote nou an.

Rankont mwen tout bon ak Manno te fèt nan yon epòk kote literati kreyòl ayisyen an ak konba pou lang ayisyen an t ap pran bèl elan. Li se yon yon powèt san okenn pretansyon negatif, san menm yon ti lòsyè awogans malgre malgre konpetans ak kalite li yo. Anbisyon li anrasinen nan otantisite : kontribiye pou li mete lang ayisyen an nan nivo yon lang literè total. Se poutèt sa li chwazi itilize kreyòl ayisyen kòm lang prensipal zèv li ak idantite li.

Nan Monreyal, Manno se yon potòrik anbasadè kilti ayisyen an. Li se manm aktif Sosyete Koukouy, yon òganizasyon literè ak kiltirèl li fonde Kanada ansanm ak lòt kanmarad li : Julio Jean-Pierre, Michel-Ange Hyppolite (ki gen non popilè li Kaptenn Koukouwouj) ak Jean-Robert Placide. Manno se yon imanis, yon bon vivan, yon powèt ki ravitaye nan kilti ayisyen an. Yon sitwayen ki gen je li ouvè sou reyalite monn lan. Li se yon powèt ki kanpe nan tan prezan an, k ap itilize pwezi li pou li sèvi ideyal li. Pou li, prezan an se yon « letènite pwovizwa » jan powèt Julio Jean-Pierre ta di. Pwojè politik ak pwetik Manno, se prensipal okipasyon ki toujou akonpaye l sou wout lavi li.

Plizyè kanmarad, mwen menm tou, nou toujou di Manno, se kreyòl la menm l ap ekri epi li fè sa an kreyòl ayisyen. Mo "kreyòl" sa a gen plizyè sans : li kalifye Ayisyen yo, yon pèp, yon peyi, yon fason moun viv, yon lang, yon vizyon ki pèmèt nou konprann alafwa endividu ayisyen an men tou kominote ayisyen an. Konpreyasyon sa a gide Manno tout kote li pase, epi sa pèmèt li pote idantite ayisyen an ak fyète, san fanatis ni entolerans.

Lavi Manno make kreyasyon li yo. Li pa ekri jis paske l anvè ekri, men pou Ayisyen yo, li menm tou, kapab ekziste. Manno genyen yon solid pèsonalite, li konsakre ekzistans li, jis nan nanm li, pou mounite ak byennèt lèzòt yo. Li se yon liv ouvè, yon pòt ki envite tout moun antrte san distenksyon. Manno se yon obsèvatè atantif ki konn koute moun, li renmen pataje konsepsyon li epi aprann nan men lòt moun san diskriminasyon. Manno se yon zanmi ki chè, ki sansib, li se yon Ayisyen otantik

### Zèv Manno Ejèn

Manno ekri plizyè liv. Men sa mwen pi renmen yo : "Ekziltik" (pwezi, 1988), "Vwa zandò" (pwezi, 2007), "Aganmafwezay" (istwa, nouvèl, kont, 2008), "De ti twou pou ou deplete lalin" (nouvèl, 2008), "Sezon papiyon" (pwezi, 2013) epi "Pwezi pou anwoule tan mwen" (pwezi, 2019). Depi sou premye publikasyon li, "Ekziltik", plizyè espesyalis, tèleka defen pwofesè Maximilien Laroche, te rekonèt nan Manno yon gran powèt, ekriyen epi atis.

Epi men li! nan ane 2024 sa a, Manno apenn sot pibliye yon nouvo liv ki gen pou tit "Se mwen ki mwen, Lèt

tou dekachte mwen ekri tèt mwen". Liv sa a reprezante yon espas refleksyon byen sonde sou ekzistans moun. Yon ouvraj fondamantal, asireman ! Nan liv sa a, mwen chwazi pou m di kèk mo sou yon ekstrè premye powèm nan ki gen pou tit "Yon ti grenn pousyè" :

Mwen se yon ti grenn pousyè  
jis yon senp ti grenn an flotezon  
pa plis ni mwens pase yon ti pousyè  
pami tout kalite pousyè an vwayajman  
li lage alagouy nan ekzistans lan

Nan menm kòtfanmi lapousyè mwen soti  
Grenn woulibè mizadó antchoupèt  
Meleyis meleyo epapiye  
An won nan dans kimele  
Tou won ki antre nan won  
San mwen pa fouti konnen  
Ni konprann nonplis tou  
Anyen nan anyen

### Analiz tèks la

Powèm "Yon ti grenn pousyè" a ap sonde kondisyon moun atravè yon metafò ki senp men ki ale jis opwofon. Vè yo ki kout epi ki byen ranmase kreye yon kadans meditatif, k ap envite lektè a pou li ekzaminen fon konsyans li ak atansyon. Mo "pousyè" a ki plede retounen mete aksan sou enpòtans metafò sa a ki senbolize titès yon endividu nan linivè. Repetisyon fraz "San mwen pa fouti konnen / Ni konprann nonplis tou / Anyen nan anyen" reveye yon santiman dout ak feblès, ki ranfòse nan sans sa a lide frajilite moun devan lekzistans.

Sou plan sikolojik, powèm sa a vini avèk kèk kesyon enpòtan sou konsiderasyon yon moun bay tèt li ak idantite pèsonèl li. Konparezon moun avèk yon grenn pousyè a riske reveye sèten santiman tankou titès ak imilite, pandan l ap pwopoze tou yon koneksyon invèsèl. Pasaj sa yo : "Nan menm kòtfanmi lapousyè mwen soti / Grenn woulibè mizadó antchoupèt", montre yon opozisyon ant orijin ridikil yon moun ak kompleksite ki nan nati moun sa a. Sikolojikman, nou kapab entèprete sa tankou yon eksplorasyon idantite pèsonèl nou, avèk rechèch pou nou jwenn yon plas nan monn lan, yon batay pèmanan.

Sou plan sosyolojik, powèm nan sòlve kèk kesyon esansyèl sou plas yon endividu nan sosyete a ak sou chapant pouvwa a. Konparezon moun ak yon ti grenn pousyè a kapab pran sans yon kritik solid kont inegalite sosyal ak dominasyon. Pasaj "Meleyis meleyo epapiye / An won nan dans kimele / Tou won ki antre nan won", souzantann yon inifòmite ak yon konfòmite fòse sosyete a enpoze. Sa revele yon kritik règ sosyal boutdi yo k ap anpeche libète endividyèl yo epi k ap toufe divèsite a.

Sou plan filozofik, powèm sa a ofri yon meditasyon an pwofondè sou nati lekzistans ak reyalite a. Avèk itilizasyon metafò pousyè a, otè a raple jan nonsèlman lavi moun kout epi pasaje, men jan li frajil tou. Pasaj "Mwen se yon ti grenn pousyè / jis yon senp ti grenn an flotezon" an mennen vini lide tanporalite ak frajilite lekzistans la. Tout konsiderasyon sa yo envite nou reflechi sou nati tanporè pwòp lavi nou ak ki sans nou ta kapab jwenn ladan.

Sou plan ekzistansyèl, powèm sa a sòlve plizyè kesyon fondamantal sou sans lavi a ak rechèch laverite. Pasaj "San mwen pa fouti konnen / Ni konprann nonplis tou / Anyen nan anyen" an montre yon gwo santiman konfizyon ak dout devan lekzistans. Nou kapab konprann meditasyon sa a tankou yon refleksyon sou dezespwa ekzistansyèl la ak yon rechèch sans an pèmanans ki karakterize eksperyans moun pi souvan.

Sou plan invèsèl, nou kapab entèprete powèm sa a tankou yon meditasyon sou relasyon ant moun avèk kòsmòs la, k ap revele koneksyon nou ak li epi depandans nou parapòta yon bagay ki depase nou. Konparezon moun avèk pousyè montre alafwa koneksyon nou ak linivè epi depandans nou parapòta yon bagay ki pi gran pase nou. Pasaj "pami tout kalite pousyè an vwayajman / li lage alagouy nan ekzistans lan" montre reyalite a dapre yon vizyon global, kote chak moun ap pote kontribisyon pa yo nan richès ak divèsite linivè.

### Kritik pèsonèl

Powèm "Yon ti grenn pousyè" Manno Ejèn nan make m jis nan zo nan fason li parèt senp pandan li genyen yon pwofondè kache. Fason otè a itilize metafò pousyè a pou li abòde plizyè gran tematik konplèks, tankou idantite pèsonèl, sosyete ak ekzistans moun, enpresyone m. Sa ki plis kaptive m toujou, se jan Ejèn reyisi reveye yon santiman imilite ak banalite lakay nou pandan l ap mete enpòtans ak bèlte chak moun anevidans.

Pasaj "Mwen se yon ti grenn pousyè / jis yon senp ti grenn an flotezon" byen montre anivalans sa a ant banalite ak enpòtans nou. Chak endividu konpare ak yon ti grenn pousyè, ki parèt pa gen okenn enpòtans nan imansite linivè. Epoutan, tika pousyè sa a, menm lè li pa sanble anyen, ekziste epi l ap flote, kidonk chak vi, chak ekzistans gen pwòp valè pa li ak pwòp bèlte pa li.

Liy sa yo "Meleyis meleyo epapiye / An won nan dans kimele / Tou won ki antre nan won", nou kapab entèprete yo tankou yon kritik sosyete a nan fason li òganize pou l oprime moun. Sèk la kapab senbolize latriviye kontrent sosyal ak politik sa yo ki fè chak moun tounen yon prizonye, ki oblije konfòme l epi pèdi orijinalite li anmenmtan. Imaj sa a montre yon sosyete kote yo enpoze tout moun pou yo tounen fotokopi yon sèl modèl moun, kote pèsonalite ak orijinalite chak endividu kraze pakanpak.

Repetisyon fraz "San mwen pa fouti konnen / Ni konprann nonplis tou / Anyen nan anyen", montre dout nou ak enkapasite nou devan lekzistans. Vè sa yo eksprime yon kesyonman pwofon sou sans lavi a ak kapasite nou pou nou konprann linivè. Dout sa a devan ekzistans moun fè eko avèk enkyetid filozofik ak ekzistansyèl yo, yo envite nou reflechi sou pwòp rechèch sans k ap domine nou an.

Powèm nan abòde tou relasyon ki genyen ant endividu a ak kòsmòs la, tankou jan liy sa yo montre sa : "pami tout kalite pousyè an vwayajman / li lage alagouy nan ekzistans lan". La, pousyè a reprezante koneksyon nou ak linivè, l ap montre kòman chak endividu, menm si li parèt pa reprezante anyen, men li se eleman yon globalite ki pi gran. Vizyon global sa a sou reyalite a rekonfòte nou men li ban nou imilite anmenmtan, li fè nou sonje nou tout konekte nan gran avanti lavi a.

Fason powèt Manno Ejèn manyen imaj senp yo pou li ba yo yon pwofondè anmenmtan touche m anpil. Opozisyon ant imilite pousyè a ak kompleksite tematik li abòde yo kreye yon efè ki boulvèse tout trip lektè a menm lontan apre li fin li powèm nan. Pa ekzanp, imaj pousyè k ap flote a montre alafwa frajilite ekzistans nou ak bèlte frajil chak moman. Anivalans sa a ant frajilite ak bèlte se yon refleksyon sou kondisyon moun ki boulvèse lespri nou.

### Konklizyon

Rantre nan powèm "Yon ti grenn pousyè" Manno Ejèn nan pou eksplòre li, se tankou si w ta deside navige nan mitan yon oseyan panse ak santiman. Powèm sa a, tankou yon fanal nan douvanjou, klere tout ti rakwen ki pi fè nwa yo nan konsyans moun.

Atravè metafò sibtil pousyè a, Ejèn mennen nou nan yon vwayaj atravè laviwonn lekzistans. Chak mo se yon zetwal nan fimaman an, k ap klere ak yon limyè majik ki sedui nou. Se yon analiz riske yon seri tematik wòdpòt tankou idantite pèsonèl, sosyete, epi menm politik.

Epoutan, malgre tout pwofondè sa a, powèm nan ap liminen avèk yon klare ki chame nou. Li envite nou reflechi sou plas nou nan linivè, sou titès nou anfas imansite lekzistans, men tou sou valè natirèl nou kòm moun.

Pouvwa emosyonèl "Yon ti grenn pousyè" evidan. Atravè liy li yo, li transpòte nou nan yon toubouyon emosyon, soti nan frajilite pou ateri nan bèlte pasaje chak moman. Se yon eksperyans pwetik ki charye yon emosyon pwofon k ap kontinye posede nou lontan apre lekti li.

Pou fini, powèm sa a depase fwontyè yo senp zèv literati. Se yon envitasyon pou nou rantre jis nan pwofondè nou menm, pou nou medite sou kesyon esansyèl lavi a epi pou nou selebre divèsite san limit eksperyans nou kòm moun . "Yon ti grenn pousyè" se yon kreyasyon literè ki gemyen yon valè ki kapab vwayaje atravè tan an, se yon sous enspirasyon ak rekonfò pou tout sila yo ki genyen privilèj pou yo dekouvri li.

## POU MWEN PREZANTE NOU MANNO EJÈN OTÈ : MICHEL-ANGE HYPOLITE

Jodi a mwen ap prezante nou yon zanmi, yon konpayon travay sou teren pwezi kreyòl la. Mwen kab menm di, mwen ap prezante nou asosye mwen, paske nou genyen 40 lane depi nou ap travay ansanm avèk Manno Ejèn nan Sosyete Koukouy. Se yon gwoup literè nou fonde ansanm an kolaborasyon avèk Jean-Robert Placide epi defen Julio Jean-Pierre.

Lè nou kontre pou nou konstui zèv literè nou yo ansanm, se fèt, se pwezi, se plezi. Se lafanmi ki ap mare sosis ansanm nan mitan selebrasyon pasyon nou. Mwen vle di : lang kreyòl la, nan divès dimansyon li.

Karant lane konpayonay kreyòl mwen avèk Manno Ejèn pa dewoule tankou nou se anfanm, oubyen tijezi nan po krab. Nou abitye genyen diferans nou, dezakò nou, jouk pou nou rive di : Nou dakò pou nou pa dakò. Sepandan, nou toujou rete soude ansanm pou nou kontinye chemen rèv, nou te dekachte ansanm anndan Sant Kiltirèl Hector Hyppolite la nan Monreyal.

Emmanuel Eugène, tout moun nan milye literè kreyòl la konnen sou non Manno Ejèn, fèt Gwanntanamo, Kiba. Li te travay kòm jounalis nan Journal Ayiti Libète. Manno Ejèn se manm fondatè Sosyete Koukouy Kanada, Editorialis Pawòl Kreyòl, Revi Literè Sosyete Koukouy. Premye revyi literè nan lang kreyòl Ayisyen an, epitou, Manno se fondatè REK (Regwoupman Ekriyen Kreyòl).

Fondman pwezi Manno Ejèn soti nan travay li avèk Sosyete Koukouy Kanada, kote li devlope, nan echanj li avèk Jean-Robert Placide, yon estil pwezi, ki rele pwezi Anwoule, ki se yonn nan potomitan panse Kreyolizay la. Manno Ejèn se yonn nan meyè powèt kreyòl ayisyen nan jenerasyon nou an.

Li pibliye : Ekziltik, pwezi (1988), Vwa zandò, pwezi (2007), Aganmafwezay, kont literè (2008), Pwezi pou Anwoule Tan mwen (pwezi) (2018), Lèt mwen ekri tèt mwen, pwezi (2024).

Mwen ap souliye Manno Ejèn te genyen Pri Jacques Stephen Alexis pou yonn nan kont literè ki pibliye anndan Aganmafwezay yo. Nan ane ... Samedi Littéraire Haïtiano-Canadien te renmèt Manno Ejèn yon plak onè pou nouvote Manno pote nan pwezi kreyòl modèn lan.

Zanmi yo, an nou louvri baryè pou Manno Ejèn.

*Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj)  
Manm Sosyete Koukouy nan Kanada  
Akademisyen nan Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)*